



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
KOLABORASYON AK FONDASYON GATES POU DEVLOPE YON PLAN POU
REPANSE EDIKASYON AN NAN NOUVO NÒMAL LA**

***Eta New York ak Fondasyon Gates pral konvoke ekspè pou reponn kesyon kle
konsènan kisa edikasyon an ta dwe sanble nan tan kap vini an***

***Li anonse nouvo konpetisyon k'ap mande Nouyòkè yo pou kreye ak pataje yon
videyo ki eksplike poukisa moun ta dwe mete yon mas an piblik; Nouyòkè ki
enterese yo kapab aprann plis nan WearAMask.NY.Gov***

***Konfime 2,239 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 321,192; gen nouvo ka nan 41 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York an kolabore avèk Fondasyon Bill & Melinda Gates (Bill & Melinda Gates Foundation) dwe devlope yon plan pou repanse edikasyon an nan nouvo nòm la. Kòm New York kòmanse devlope plan pou re-ouvri lekòl yo soti nan Kindègadenn-12 èm ane ak kolèj yo, eta a ak Fondasyon Gates pral egzamine kisa edikasyon an ta dwe sanble nan tan k'ap vini an, ki gen ladan:

- Ki jan nou ka itilize teknoloji pou bay plis opòtinite pou elèv yo kèlkeswa kote yo ye;
- Ki jan nou ka bay edikasyon pataje ant lekòl yo ak kolèj yo lè nou sèvi avèk teknoloji;
- Ki jan teknoloji ka redwi inegalite edikatif, ki gen ladan etidyan anglè kòm yon nouvo lang yo;
- Ki jan nou ka itilize teknoloji pou satisfè bezwen edikatif etidyan yo ki gen andikap;
- Ki jan nou ka bay edikatè yo plis zouti pou itilize teknoloji;
- Ki jan teknoloji ka kraze baryè soti nan Kindègadenn-12 èm ane ak kolèj ak inivèsite yo pou bay pi gwo aksè a edikasyon kalite siperyè kèlkeswa kote etidyan ap viv; ak
- Etandone règleman distans sosyal kontinyèl yo, ki jan nou ka deplwaye teknoloji salklas, aprantisaj salkals vityèl cloud imèsif (immersive cloud), pou rekreye pi gwo klas oswa anviwònman sal konferans nan diferan kote?

Eta a pral reyini yon gwoup lidè pou reponn kesyon sa yo an kolaborasyon ak Fondasyon Gates, ki pral sipòte Eta New York nan ede reyini ekspè nasyonal ak entènasyonal, ansanm ak bay konsèy ekspè jan sa nesesè.

Gouvènè Cuomo te anonse tou yon nouvo konpetisyon k'ap mande Nouyòkè yo pou kreye ak pataje yon videyo pou eksplike poukisa moun ta dwe mete yon mask an piblik. Y'ap itilize videyo ki genyen an kòm yon Anons Sèvis Piblik. Videyo yo ta dwe dire mwens pase 30 segonn, li ta dwe montre yon mask ke yo byen mete sou bouch ak sou nen yo, epi yo dwe soumèt li 30 me. Nouyòkè ki enterese yo ka aprann plis nan WearAMask.ny.gov.

"Dènye mwa yo te yon moman ekstrèmman stresan plen ak chanjman, men nou dwe aprann ak grandi nan sityasyon sa a ak asire nou ke nou rebati sistèm nou yo pi bon pase jan yo te ye anvan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Youn nan domèn nou ka vrèman aprann yo se edikasyon paske modèl ansyen sistèm edikasyon nou an kote tout moun chita nan yon sal klas pa pral mache nan nouvo nòm la. Lè nou re-ouvri lekòl nou yo, se pou nou repanse yo pou tan kap vini an, epi pou fè sa a, nou ap kolabore ak Fondasyon Bill & Melinda Gates epi explore altènatif edikatif entèlijan, ak inovan lè nou sèvi avèk tout nouvo teknoloji nou gen a dispozisyon nou an.

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,239 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 321,192 ka konfime nan Eta New York. Nan total 321,192 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
-------	---------------	---------------

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)